


Èske  
Tibebe ou an

Kapab tande

Ou



Tibebe ou an pase  
tès depistaj pou  
pwòblem tande

# Tès Depistaj Odisyon

## Tibebe w ou an pase

Tibebe ou an pase tès depistaj pou tande nan toude zòrèy yo. Tès depistaj ki te itilize swa anrejistreman otoakoustik (Otoacoustic Emissions, OAE), swa reyaksyon oditif twon serebral (Auditory Brainstem Responses, ABR), swa toude.

---

NON TIBEBE

tibebe ou an pase tès depistaj pou tande nan toude zòrèy yo.

---

DAT

Metòd Tès Depistaj  OAE  ABR



## Kijan yo Pral Verifye si Tibebe ou an Tande

Yon moun ki kalifye pral verifye si tibebe ou an tande. Swa:

- Yo mete yon ti aparèy nan zòrèy tibebe ou an (OEA), oswa,
- Yo kapab mete yon ekoutè espesyal pou tibebe ou an epi genyen ti kousen fen sou tèt li (ABR).

Après, yo pral jwe ti son dous epi yo pral teste si tibebe ou an tande.

Tès Depistaj sijere tibebe ou an gen plis chans pou li tande **kounya**. Sepandan, sa pa vle di tibebe ou an p ap janm pa tande ankò. Yon ti kantite tibebe ki reyisi tès depistaj odisyon prenatal la kapab devlope yon pèt odisyon alavni. Se rezon sa li enpòtan pou w pote anpil atansyon pou wè si pitit ou an tande.

## Poukisa yo Verifye si Tibebe mwen an Tande?

Li enpòtan anpil pou tande. Tibebe ou an bezwen tande son pou li aprann pale ak dekouvri sa ki antoure li. Tande enpòtan anpil pandan premye mwa yo pou evite difikilte nan langaj oswa travay lekòl alavni. Se poutèt sa a, tout ti bebe ki nan Eta New York yo gen pou fè yon kontwòl zòrèy pou yo.

## Kisa ki lakòz pèdi odisyon an?

Pafwa, nou pa konnen ki fè yon moun pa kapab tande Epi pafwa koz la se:

- Yon mal fòmasyon nan odisyon ki nan fanmi an
- Enfeksyon nan zòrèy
- Menenjit
- Lòt enfeksyon ki grav

Pale ak doktè tibebe w lan oswa klinik la si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid.



# Verifye odisyon ak pawòl pitit ou an

Menm si tibebe ou an “reyisi” depistaj la, li toujou enpòtan pou verifye odisyon tibebe ou an. Lis ki anba\* pral ede ou swiv evolisyon odisyon ti bebe ou an pandan devlopman li. Yon bon odisyon ede ti bebe yo pou fè bagay ki nan lis kontwòl sa a. Si ou gen nenpòt enkyetid konsènan odisyon tibebe ou an, nan nenpòt ki laj, rele doktè tibebe ou an oswa klinik lan.

## LIS VERIFIKASYON POU YON BON ODISYON\*

### Ant dat akouchman an ak 3 Mwa

- Li vin pa fè bri lè y ap pale oswa bri k ap fèt chak jou bò kote li ye
- Reyaksyon lè gen gwo bri yo: *tibebe a ap sote, l ap bat je li, li pa vle tete, kriye oswa leve nan dòmi*
- Li fè bri tou piti lè li leve nan dòmi: *tibebe a gazouye*

### Gen ant 3 ak 6 Mwa

- Li vire je li yo oswa tèt li kote bri an ye a: *vwa yo, jwèt yo ki ap fè bri a, chyen ki ap jape*
- Li kòmanse fè son ki sanble ak pawòl sa yo: *“ga”, “ooh”, “ba”, epi son p, b, m*
- Li reyaji lè ton vwa ou chanje

### Gen ant 6 ak 9 Mwa

- Reyaji ak son dous yo, sitou pawòl
- Li reponn lè ou site non li epi gade lè yo rele li
- Genyen mo ki senp: *“no”, “bye-bye”, “juice”.*
- Gazouye: *“da da da,” “ma ma ma,” “ba ba ba,”*

### Gen ant 9 ak 12 Mwa

- Reponn yon fason regilye ak son fèb epi fò yo
- Repete mo ki senp epi imite son bèt yo
- Montre jwèt oswa manje prefere li yo lè yo mande li

\*Ki adapte nan lis kontwòl Depatman Sèvis Sante California.

gen ant 12 ak 18 mwa

- Itilize 10 oswa plis mo
- Swiv eksplikasyon vèbal ki senp yo: *“al chèche boul la”*
- Lonje dwèt sou moun yo, pati nan kò yo oswa jwèt yo lè yo mande li
- *“Bouje” sou mizik*

gen ant 18 ak 24 mwa


- Itilize 20 oswa plis mo
- Melanje de (2) oswa plizyè mo: *“plis ji” “kisa sa ye?”*
- Itilize plizyè kalite son konsòn nan kòmansman mo yo: *b, g, m*
- Tande istwa ak mizik ki senp yo

Ki gen ant 2 ak 3 lane

- Itilize fraz ak de (2) oswa twa (3) mo
- Nan laj de (2) lane, ou konprann pawòl timoun nan tanzantan (25%-50%)
- Nan laj twa (3) lane, ou konprann pawòl timoun nan pi souvan (50%-75%)
- Li swiv eksplikasyon ki gen de (2) etap yo: *“Pran boul la epi mete li nan bwat la”*

**Ou kapab oswa dwe verifye si timoun ou an tande nan nenpòt laj.**





## Plis Èd pou Tibebe ou an

Si tibebe ou an pa tande byen, oswa kapab pa tande, ou ap gen bezwen plis èd. Tibebe ki fenk fèt, jèn timoun ki gen bezwen espesyal yo, epi fanmi yo kapab benefisye èd pwogram entèvansyon prekòs (Early Intervention Program, EIP) ministè sante ki nan Eta New York. EIP ofri yon depistaj ak tèss pou tande, ak sipò pou ou menm, tibebe ou an, ak fanmi ou. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele doktè ou an, klinik ou an oswa EIP ki nan konte oswa awondisman ou an.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou tèss odision pou tibebe ki fenk fèt oswa EIP a, rele nan: **(518) 473-7016**

Oswa, al gade nan sitwèb pwogram entevansyon prekòs nan:

**[www.health.ny.gov/community/infants\\_children/early\\_intervention/](http://www.health.ny.gov/community/infants_children/early_intervention/)**

Pou jwenn EIP ki nan zòn ou an, rele nan:

**Liy Dirèk Growing Up Healthy**  
**24 èdtan pa jou**  
**1-800-522-5006**

TTY: **1-800-655-1789**

Nan Vil New York: **311**



# Èske Tibebe ou an

Kapab tande

Ou



Si tibebe ou an fèt nan yon lopital ki nan Eta New York, ou pa gen pou bay tèt ou pwoblèm. Yo fè yon kontwòl zòrèy pou tout ti bebe ki fèt nan New York.

Swiv nou sou:

[health.ny.gov](http://health.ny.gov)

[facebook.com/NYSDOH](https://facebook.com/NYSDOH)

[twitter.com/HealthNYGov](https://twitter.com/HealthNYGov)

[youtube.com/NYSDOH](https://youtube.com/NYSDOH)



**Department  
of Health**